



ARCHDIOCESE OF CINCINNATI

Office of the Archbishop

archbishop@catholicaoc.org
513.263.6612

1ye Fevriye 2026

Chè Frè m ak sè m yo an Kris,

Bonjou ak benediksyon lapriye pou nou nan kòmansman nouvo ane sa, ki mache ak anpil espwa lapè ak pwosperite pou tout moun.

Men an menm tan, malerezman, se tan ki vin pi divize epi pi boulvèse pou peyi nou ak pou mond lan. Moun ki pami moun Sosyete a mete akote yo ap viv nan laperèz. Sitou, frè ak sè imigran nou yo ap fè fas ak gwo defi epi yo ap viv ak yon avni ki pa sèten. Kesyon ki enpotan pou nou poze nan yon moman konsa se: "Kilès nou ye?" Nou dwe raple tèt nou enpòtans fondamantal sa ke nou ye kòm moun, pou nou rekonet fason idantite nou kapab ofri yon kontrepwa ak sa mond ki bò kote nou an vin devni.

Tout limanite posede yon diyite Bondye bay nou kòm kreyasyon li. Chak moun, kèlkeswa ras, lang, oswa kwayans li, fèt nan imaj ak resanblans Bondye. Se sèlman avèk konviksyon sa a sou idantite sakre ke nou pate nou kòm pitit gason ak pitit fi Bondye ke nou kapab espere anonse ak kouraj posiblite lapè nan mitan tout boulvèsman tan difisil sa yo.

Antanke kretyen, nou pwoklame yon Bondye ki antre nan limanite nou epi ki te viv nan mitan defi mond sa a – tankou yon timoun refijye k ap kouri kite peyi li, li te tankou yon predikatè san kay ki te depann de bonte lòt moun, epi tankou yon minis yo pa t konprann, yo te konsidere li kòm kriminèl, epi ki te sibi pèsekisyon ak lanmò sou kwa. Lavi Jezi pouse nou pou nou reflechi sou fason nou trete refijye yo, moun k ap chèche yon kote pou yo rete, ak moun yo konsidere kòm kriminèl nan yon fason enjis.

Depi fondasyon li, nasyon sa a te sèvi kòm refij pou moun k ap kouri kite lagè, povrete, ak pèsekisyon nan lòt peyi atravè lemond. "Give me your tired, your poor, your huddled masses yearning to be breathe free," (Ban mwen moun ki bouke yo, moun pòv yo, foul moun ki rasanble yo ki swaf pou respire libète) jan Statue of Liberty (estati Libète) pwoklame sa. Pandan tout listwa li, nasyon nou an te chèche rekonèt diyite lavi moun epi pran swen byennèt komen sosyete a.

Legliz la, ki fòme manm li yo kòm sitwayen fidèl nan nasyon sa a, afime enpòtans lwa ki garanti sekirite ak pwoteksyon tout moun ki rele nasyon sa a lakay yo. Se poutèt sa, U.S. Catholic bishops rekonèt ke yon nasyon dwe genyen kontwòl sou fwontye li epi etabli pwosesis nan lòd komsadwa pou imigrasyon. Men, lwa imigrasyon nou yo, pwosesis legal yo, ak sistèm yo dwe rekonèt epi respekte diyite Bondye bay chak moun, epi sèvi pou ede nou vin yon sèl nasyon, devan Bondye, ak libète ak jistis pou tout moun.

RADIATE CHRIST


Lè yo jeneralize kriminalizasyon sou imigran yo, ansanm ak depòtasyon anmas san distenksyon, sa mete nasyon nou an nan yon kriz epi li pa sèvi byennèt komen an. Pandan plizyè dizèn lane, U.S. Catholic bishops te rele lejislasyon pou mete diferans pati politik sou kote epi travay ansanm pou refòm lwa imigrasyon yo. Apèl sa a vin genyen plis ijans jodi a. Byennèt komen an mande plis pase jis abandone politik tan pase yo. Li mande yon plan reflechi ki ankouraje jistis nan sistèm imigrasyon an epi ki pwoteje ak ranfòse kominote nou yo.

Achidyosèz nan Cincinnati vin tounen yon kay pou anpil fanmi k ap chape anba povrete, vyolans, ak pèsekisyon nan peyi yo. Fanmi ki soti Haiti, Venezuela, ak lòt kote te jwenn akèy epi yo te kòmanse kontribye nan nouvo kay yo. Springfield, pa egzanp, te fè fas ak gwo defi nan dènye ane ki sot pase yo, men li te tou kreye yon avni ki pwomèt pou tèt li lè li entegre imigran ki fèk rive yo nan mendèv li, kominote li, legliz li, ak lekòl li yo. Depòtasyon anmas mete an danje inite fanmi yo ak estabilite kominote ki te travay di pou entegre nouvo manm sa yo.

Ansanm ak frè evèk mwen yo, pastè nou yo, ak lòt lidè Legliz yo, mwen ofri nou sipò mwen ak pwoksimite espiyèl mwen pandan n ap chèche chemen pou nou avanse. Se pou nou pa janm bouke fè efò nou pou mete fen nan diskou ki dezimanizan ak demonizan ki menase anvayi nou. Se pou nou trete youn lòt ak diyite ak respè, ak mizèrikòd ak tout konpasyon frè ak sè nou merite. Epi se pou Bondye beni nou ak disiplin pou nou travay san pran souf pou reyalize jistis pou tout moun.

Avèk yon gwo rekonesans pou tout moun k ap fè pwomosyon prensip lavi, diyite, ak byennèt komen, mwen mete tèt mwen ansanm ak tout moun ki genyen bònfwà nan yon angajman pou lapriyè ak aksyon kontinyèl ki ankouraje lapè epi ki chèche pwosperite pou tout moun.

Nan Kris,



Monseyè Robert G. Casey
Achevèk nan Cincinnati

ljh